# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत में लोकतंत्र क अर्थ ह आखिरी छोर ले सेवा पहुंचावल आ सरकार बिना कउनों भेदभाव के हर मनई के हित में काम कइ रहलि हौ। नई दिल्ली के संविधान सदन में राष्ट्रमण्डल देसन के संसद क अध्यक्ष आ पीठासीन अधिकारियन के सम्मेलन के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री मोदी ई बाति कहलें।

**भारत में डेमोक्रेसी का अर्थ लास्ट माइल्ड डिलीवरी है। हम एक लोक कल्याण की भावनाओं से हर व्यक्ति के लिए बिना किसी भेदभाव के काम कर रहे हैं और इसी लोक कल्याण की भावना के कारण बीते कुछ वर्षों में भारत में 25 करोड लोग गरीबी से बाहर निकले हैं।**

प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलें कि देस विविधता के आपन ताकति बनवलस आ सबसे तेजी से बढ़त प्रमुख अर्थव्यवस्था के रूप में उभरल।

येह मौका पर लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला कहलें कि भारतीय संसद के सात दसकन से बेसी के सफर में, जन–केन्द्रित नीति आ कल्याणकारी कानून बनवले के जरिया से लोकतंत्र के मजबूत कइल गइल बा।

**********

आजु अठहत्तरवां सेना दिवस मनावल जा रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह मौका पर भारतीय सेना के साहस आ अटूट प्रतिबद्धता क सराहना कइलें। अपने सनेसा में श्री मोदी कहलें कि सैनिक निस्वार्थ सेवा क प्रतीक हवें जवन चुनौती से भरल हलतियों में मजबूत संकल्प के साथे देस क रक्षा करे लें।

**मातृभूमि की सेवा का यह अवसर बड़े सौभाग्य से मिलता है। आपकी ये अटल इच्छा–शक्ति, आपका यह अथाह शौर्य देश जब आपको देखता है। तो उसे सुरक्षा और शांति की गारंटी दिखाई देती है। दुनिया जब आपको देखती है। तो उसे भारत की ताकत दिखाई देती है। ये है मेरी सेना का, मेरे सुरक्षा बलों का पराक्रम।**

येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि देस, सेना के अदम्य साहस, सर्वोच्च बलिदान आ देस क संप्रभुता आ अखंडता के रक्षा के प्रति अटूट प्रतिबद्धता के सलाम करे ला।

**********

बहुजन समाज पारटी–बसपा अध्यक्ष आ प्रदेस क पूर्व मुख्यमंत्री मायावती आजु घोसणा कइलिनि कि उनकर पारटी देस भर में सज्जो चुनाव अकेल्ले लड़ी। अपने सत्तरवां जनमदिन पर लखनऊ में एगो पत्रकार वार्ता के दौरान मायावती कहलिनि कि पारटी ई फैसिला लिहले बा कि सज्जो छोटहन–बड़हन चुनाव स्वतंत्र रूप से लड़ल उचित होई आ ऊ कउनों पारटी के साथे गठबंधन नाहीं करी। बसपा प्रदेस में आवे वाला विधानसभा चुनाव अकेल्ले लड़ी।

**********

मकर संक्रांति क तिउहार आजु दुसरको दिन्ने उछाह आ उमंग के माहौल में मनावल जा रहल बा। प्रयागराज, अजोध्या आ वाराणसी के सथहीं कई जिलन में सरधालु पवित्र नदियन में नहा के दान–पुन्न कइ रहल हवें। अजुये से करीब एक महिन्ना ले चले वाला गोरखपुर क मसहूर खिचड़ी मेलो सुरू हो गइल। ओइजा गोरखनाथ मंदिर में गोरक्षपीठाधीश्वर आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु तड़के गुरु गोरक्षनाथ के आस्था क खिचड़ी चढ़वलें। एगो रिपोर्ट–

**गोरखपुर में मकर संक्रांति का पर्व हर्षोल्लास के साथ मनाया जा रहा है। सुबह 4 बजे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने गुरु गोरखनाथ को खिचड़ी चढ़ाई। इसके बाद से श्रद्धालुओं के लिए कपाट खोल दिए गए । गोरखनाथ मंदिर में जयकारों के साथ काफी संख्या में श्रद्धालुओं की भीड़ गुरु गोरखनाथ को खिचड़ी अर्पित कर रही है। आकाशवाणी समाचार के लिए गिरीश नारायण चौबे गोरखपुर**

गोरक्षपीठाधीश्वर अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ 'आकाशवाणी' के जरिये प्रदेसवासियन के मकर संक्रांति तिउहार क सुभकामनां दिहलें।

**मैं सभी श्रद्धालु जनों को उत्तर प्रदेशवासियों को मकर संक्रान्ति की ह्रदय से बधाई देता हूँ। जगत पिता सूर्य की उपासना का यह पर्व सभी के लिए शुभ हो मंगलकारी हो ये मेरी कामना है। भारत के पर्व और त्यौहारों के परंपरा में मकर संक्रांति का पर्व एक अत्यंत महत्वपूर्ण पर्व के रूप में मनाया जाता है। अगर आप पूर्वी भारत में जाएंगे असम में बिहू के रूप में, अगर आप पंजाब में जाऐंगे लोहड़ी के रूप में, दक्षिण में जाऐंगे तो पोंगल के रूप में और उत्तर में आऐंगे तो यह मकर संक्रान्ति का पर्व खिचड़ी त्यौहार के रूप में मनाया जाता है।**

**********

प्रदेस के कई जिलन में अजुओ निकरल घाम के बवजूद गलन भरल ठंडी जारी बा। मौसम विभाग बिहने आ सतरह जनौरी के प्रदेस में कुछु जगहिनि पर घना से ले के ढेरे घना कुहेसा परले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। येह दौरान मौसम सुस्क बनल रही।

**********